## <u>Ayubés 2: Cosaan ak buur yi ci Senegaalu démb</u>

**Tasks for this week:**

1- Read the Text 1
2- Study the vocabulary (pages 1-2)
3- Study the grammar (page 2)
4- Do Exercises: Liggéey 1-4 (pages 2 to 4)
5- Prepare Liggéey 5, 6, and 7 for class next week (pages 4-5)
6- Read and prepare Text 2 for class next week (page 6)
7- Study the vocabulary (page 6)
8- Do Liggéey 1 and 2 (page 7)

*****************
*****************

<u>Text 1</u>: **Cosaan ak buur yi ci Senegaalu démb**

Cosaan nekk na lu am solo ci dundu mépp réew. Cosaan ëmb na lu bari te dafa am solo ci xeet yépp. Senegaal amoon na nguur yu bari ci cosaanam. Nguur gu nekk amoon na ay buur. Nguur yi ci Senegaalu démb amoon nañu ci xeet yu bari te wuute: Wolof, Séeréer, Joolaa, Pulaar, añs.

Ci nguuri Wolof yi, manees na lim Kajoor, Bawol, Waalo, Jolof, añs. Ci nguur gu nekk, buur ba amoon na aw dàkkantal. Ci nguuru Kajoor, dàkkantalu buur ba nekkoon na *Dammeel*, waaye nekkoon na *Baraak* ci Waalo, *Teeñ* ci Bawol, *Buurba* ci Jolof, *Maad-Saalum* ci Saalum.

Ñenn ci buur yi xeexoon nañu ak tubaab yi ngir bañ nooteel. Lat Joor Jóób bokkoon na ci buur yi gëna siiw. Nekoon na 28^eelu Dammeel ci Kajoor. Moom xeexoon na ak Farañse yi lu bari ndax bëggulwoon saxaar gi jaar ci Kajoor. Lat Joor faatuwoon na ci xeexu Déqalé. Xeex bóóbu xewoon na ci 26 fan ci Oktoobar ci atum 1886. Daan na wax “*Gan du tabax*”. Waaye tamit amoon na ay lingéer yu siiw niki Njëmbët Mbóój ak rakkam bu jigéén Ndate Yàlla Mbóój ci nguuru Waalo. Ñoom tamit xeexoon nañu ak Farañse ngir séén Waalo.

### I. <u>Tekki:</u>

| | |
|---|---|
| Dund –g | = life |
| Ëmb (v.) | = to mean, to represent |
| Te | = and |
| Nguur –g | = kingdom (or government) |
| Buur –b | = king |
| Añs | = etc. (Ak ñoom séén) |
| Lim | = to count |

| | |
|---|---|
| Dàkkantal –w | = title, nickname |
| Buur ba | = the king (***ba*** is the article ***the*** referring to the past or meaning ***that***) |
| Xeex | = to fight (xeex – b = a fight) |
| Xare –b | = a battle |
| Bañ | = to refuse |
| Nooteel –g | = domination |
| Noot (v.) | = dominate |
| Ñenn ci | = some of, some among (followed with a plural) |
| Saxaar –g | = the train |
| Jaar (v.) | = to pass |
| Faatu (v.) | = to pass away |
| Tabax (v.) | = to build |
| Lingéér –b | = the queen |

## II. Róófóó-gi-baat (Grammar)

- The impersonal mode (-**ees**)

The use of **–ees** with the impersonal mode conveys a meaning in which the subject of the action is not specified. The focus is more on relating the action that is executed without giving much relevance to the doer.

**Ay misaal**

Xam**ees** na = one knows
Lekk**ees** na = someone has eaten
Togg**ees** na ceeb ci kër gi tay = Somebody has cooked rice today at home

- The use of ***ba*** **(ga, ma, ja, sa, wa, ya,** añs)

It is the same as the definite article (bi, gi, mi, ji, si, wi, yi, añs) but it either refers to a past event that has happened a long time ago or recently and which one relates in the present moment.

Misaal: Ci démbu Senegaal, buur **ya** ak lingéér **ya** xeexoon nañu ngir sééni askan.

## III. Liggéév

Liggéév 1: Nanu tontu ci laaj yi!

1. Lan mooy démb?

   ______________________________________________

2. Ndax nguur yépp amoon nañu ay buur ci Senegaal?

   ______________________________________________

3. Lu tax yenn buur yi xeexoon ak tubaab yi?

    ____________________________________________________________

4. Kan mooy Lat Joor Jóób?

    ____________________________________________________________

5. Lan mooy lingéér?

    ____________________________________________________________

6. Ci gan nguur la nekkoon buur?

    ____________________________________________________________

7. Lan moo amoon ci 26 fan ci 1886?

    ____________________________________________________________

<u>Liggéèy 2:</u> Waaw wala déédéét.

1. Ci nguuru Saalum, dàkkantalu buur ba nekkoon na Dammeel.

    ________________________________________________________________________

2. Jolof nekkulwoon ag nguuru Wolof.

    ________________________________________________________________________

3. Lat Joor Jóób moo gañewoon Farañse yi ci xeexu Déqalé.

    ________________________________________________________________________

4. Bawol ak Jolof ñoo bokkoon wenn dàkkantalu buur.

    ________________________________________________________________________

5. Amatulwoon benn buur ci Kajoor ginnaaw Lat Joor.

    ________________________________________________________________________

<u>Liggéèy 3</u>: Nanu méngalé!

| **Dàkkantal yi** | **Nguur yi** |
|---|---|
| 1. Teeñ | a. Waalo |
| 2. Dammeel | b. Saalum |
| 3. Baraak | c. Kajoor |
| 4. Buurba | d. Bawol |
| 5. Maad | E. Jolof |

1 ____ 2 _____ 3 ______ 4 ______ 5 ______

Liggéey 4: Nanu mottali!

Dëkk bu nekk war na toppatoo ______________________ ndax dafa am solo lool ci dundu askan yi. Ci Senegaal, amoon na ay _______________________ yu bari niki Jolof. Daanaka ____________________ yépp amoon nañu ay dàkkantal. Wenn xeet warul _____________________ weneen xeet ndax xaalis wala koom-koom. Ci 21[eelu] xarnu bii, am na ay ____________________ ci bépp kontinaa daanaka.

## IV. Nguur yi ak dàkkantali buur yi

Ci nguur gu nekk, buur yi amoon nañu ay dàkkantal. Nguur gu nekk amoon na tamit pééyu boppam (its own capital city).

| Nguur | Dàkkantalu buur bi | Pééyu nguur gi | Fan la féété? | Santu njaboot gi | Tàmbali na ci atum … | Jeex na ci atum … |
|---|---|---|---|---|---|---|
| **Waalo** | Baraak | Ndeer | Ci bët-gànnar | Mbóój | 1674 | 1859 |
| **Saalum** | Maad Saalum | Kawóón | Ci bët-saalum | Yu bari | 1493 | 1969 |
| **Kajoor** | Dammeel | Ñaani | Ci sowu | Faal (Jóób) | 1549 | 1886 |
| **Bawol** | Teeñ | Lambaay | Ci sowu | Faal | 1549 | 1894 |
| **Jolof** | Buurba | Yang-Yang | Ci xol ak sowu | Njaay | Boori 1359 | 1549 * Boori 1900 * |
| | | | | | | |

Liggéey 5: Mbind:

________________________________________________

________________________________________________

________________________________________________

________________________________________________

________________________________________________

________________________________________________

________________________________________________

________________________________________________

Liggééy 6: Mbind

1. Ci sa xalaat, lu tax cosaan nekk lu am solo?
2. Ndax yaakaar nga ne buuri yi ci Senegaalu démb bëggoon nañu sééw rééw?
3. Ci sa xalaat, boo bëggee xam sa cosaanu rééw lan nga war def?
4. Bindal tuuti ci sa cosaanu rééw.

Liggééy 7: Mbind ak Waxtaan

Bindléén ngir tontu ci laaj yi. Ginnaaw lóólu, waxtaanléén ak yeneen jàngkat.

1. Boo sañoon, ndax ndaw ñi war nañu jàng mbiru cosaan?
2. Lan mooy njariñu cosaan ci dundu nit?

Ayubés 2:

Text 2: **Talaatay Ndeer**

Ndeer ab dëkk la ci bët-gànnaaru Senegaal. Ndeer moo nekkoon pééyu nguuru Waalo. Lingéér Ndate Yàlla Mbóój ak Lingéér Njëmbët Mbóój nekkoon nañu doom-yu-jigééni Lingéér Faatim Yamar. Séén yaay moo nekkoon lingéér ci Waalo ginnaaw Baraak Kuli Mbàbba faatuwoon na ci 1816. Waaye Faatim Yamar doxaloon na nguur gi ak jëkkëram Baraak Amar Faatim.

**Lan moo xewoon ci talaatay Ndeer?**

Baraak Amar Faatim dafa demoon Ndar (Saint-Louis) ngir faju. Cig wuuteem, xarekat yi nekkoon ci diwaanu Trarza ci rééwum Gànnaar songoon nañu Ndeer. Waaye jigéén ñi xeexoon nañu ak Naar yi te gañewoon nañu léén. Faatim Yamar moo jiitewoon jigéén ñi.

Ci talaata 7 fan ci weeru Mars ci 1820, Naar yi songaatoon nañu Ndeer. Jigéén ñi bañoon nañu nooteel te taaloon nañu séén bopp ngir sàmm séén ngor. Lóólu moo nekkoon Talaatay Ndeer. Njëmbët Mbóój ak Ndate Yàlla amoon nañu 12 ak 10 at ci jamono talaatay Ndeer.

Njëmbët doxaloon na diggënté 1840 ba 1846. Ndate Yàlla nekkoon na ci nguur gi diggënté 1846 ba 1855. Moom ñàkkoon na xare Jubulu ci at móómu. Ndate Yàlla faatuwoon na ci 1860 te nekkoon na lingéér bu mujj ci Waalo.
Lingéér yi ci Waalo daan nañu jiite nguur gi ak xare bi. Nekkoon nañu ay jàmbaar. Ñoom ñépp xeexoon nañu ngir séén nguur ak séén ngor te amoon nañu ab cër ci sééni nit. Ndate Yàlla daan na wax “Rééw mii man rekk maa ko moom”.

## I- Tekki

| | |
|---|---|
| Doxal (v.) | = run, govern |
| Faju (v.) | = get treated |
| Song (v.) | = attack |
| Taal (v.) | = set fire |
| Sàmm (v.) | = save |
| Ngor –g | = honor |
| Séén bopp | = themselves |
| Lóólu | = that |
| Jiite (v.) | = lead, be the head of … |
| Jàmbaar –j | = a courageous person (or a hardworking person) |
| Am ab cër | = to be respected |
| Moom (v.) | = to own something |

Rééw mii man rekk maa ko moom = This country is to me alone (This country belongs to me alone)

## II- Liggééy yi

Liggééy 1: Tontuléén ci laaj yi!

1- Kañ la Ndate Yàlla nekkoon lingéér?
   ______________________________________________________________
2- Kan moo nekkoon ci nguuru Waalo lu jiitu Ndate Yàlla?
   ______________________________________________________________
3- Kañ la Talaatay Ndeer xewoon?
   ______________________________________________________________
4- Ñan ñoo xeexoon Talaatay Ndeer?
   ______________________________________________________________

Liggééy 2: Dëgg la wala du dëgg (Waaw wala déédéét)

1- Ndeer nekkoon na pééyu nguuru Waalo.
   ______________________________________________________________
2- Ndeer bokkulwoon ci Waalo.
   ______________________________________________________________
3- Njëmbët Mbóój xarewoon ci Talaatay Ndeer.
   ______________________________________________________________
4- Naar yu jógé Gànnaar ñoo songoon Ndeer.
   ______________________________________________________________
5- Talaatay Ndeer amoon na ginnaaw Ndate Yàlla.
   ______________________________________________________________

Liggééy 3: Nanu mottali!

Talaatay Ndeer ___________________________ ci atum 1820 ci nguuru ________________. Yaayu lingéér _____________________________ ak _______________________ moo jiitewoon xare ba. Xare baa moon na diggënté jigééni Waalo yi ak __________________________ yu jógé Gànnaar.
Lingéér xeexoon nañu tamit ak _____________________ ngir _________________ ngoru Waalo.
Ñoom siiw nañu lool ci ______________________ Senegaal niki buur yi nekkoon ci yeneen nguur yi.

Liggééy 4: Waxtaan ci buur yi ak lingéér ci Senegaal (Lan ngéén fàttaliku)

Instruction: Write about 5 sentences on anything you remember from weeks 3-4. Bring to class on Wednesday for oral discussion.

Liggéey 5: Mbind ak waxtaan ci kalaas bi.